Муниципалон паддзахадон рæвдауæндон №7

# *Гом ахуыры конспект*

# *« Уæлдæфон тымбыл арсæн»*



Бацæттæ кодта хъомылгæнæг:

Чихтисты Фатимæ

Алагир 2019

Нысантæ:

- сывæллæтты разæнгард кæнын арсæн шариктæ ныв кæнын;
- ахуыр кæнын кърандасыл раст хæцын.

Цæстуынгæ æрмæг:

- алы хуызæн кърандæстæ;
- урс гæххæт.

Рагагъоммæйы куыст:

- хъæстытæ хъазæнтимæ;
- сюжетон нывтимæ кыст;
- уæлдæфон тымбылтимæ нывгонд.

Ахуыры цыд

Сывæллæттæ, æрбакасут-ма цас уазджытæ нæм рбацыд, салам ма сын раттæм.

С.: Æгас цæут, нæ зынаргъ уазджытæ!

Хъ.: *Къухтæ, къухтæ айрæзут*

*Къухтæ, къухтæ атæхут.*

*Къухтæ,къухтæ амбæхсут*

*Къухтæ,къухтæ к æм стут?*

Хъ.: Æрбакæсут- ма сывæллæттæ уазæгуаты ма нæм хъæдæй рбацыд арс дæр. Салам раттæм уымæн дæр.

С.: Æгас нæм цу арс!

Арс: Уæ бон хорз, сывæллæттæ! Æз уын мема æрбахастон сырх шариктæ. Уарзут шариктæ?

С.: О, уарзæм.

Арс: Æз дæр æмæ ме´мбæлттæ дæр. Мæнæн хъæды ис бирæ ´мбæлттæ æмæ уыдоны тынг фæнды цæмæй смах сныв кæнат шариктæ.

Хъ.: Сыв – тæ, æрбацæуыт ма мæм хæстæгдæр æмæ стъæлтты фарсмæ æрбадут. Сныв кæнæм шариктæ æмæ сыл бакæнæм æндæхтæ, науæд нын атæхдзысты. Æз уынæй равдисдзынан куыд сæ бæттын хъæуы уый.

***Улæфты минут:***

*Арс лæууы, лæууы, лæууы*

*Арс цæуы, цæуы, цæуы*

*Арс згъоры, згъоры, згъоры*

*Арс æркафы, кафы, кафы*

*Ох мæ къæхтæ, гыццыл къæхтæ!*

*Бафæлладысты æмæ æрбаттысты*

Арс: Мæнæ цы рæсугъд шариктæ сныв кодтат.

Хъ.: Арс мах дын сæ лæвар кæнæм.

Арс: Бузныг сыв – тæ, тынг æхсызгон уыдзæн ме´мбæлттæн. Мæн дæр фæнды сымахæн лæвæрттæ раттын ( арс цын уары шариктæ).

Æз ныр цæуон ме´мбæлттæ мæм æнхъæлмæ кæсынц. Хæрзбон сывæллæттæ!

Хъ.:Фæндараст!

Уæ зæрдæмæ цæуынц арсы лæвæрттæ?

Нæ уазджытæн дæр зæгъæм хæрзбон.